



# Atlantic Health System

## Politik Administratif

**Sijè:** Èd finansyè pou pasyan ki gen revni ki ba, ki pa asire ak pou pasyan ki gen asirans ki pa sifi.

**Dat li kòmanse aplike:** 02/25/2025

**Responsabilite Prensipal: Direktè – Sèvis Finansyè pou Pasyan**

---

### I. Objektif:

Asire nou tout pasyan yo resevwa sèvis ijans ki esansyèl ak lòt sèvis swen sante ki nesesè medikalman nan etablisman ki bay swen sante nan Atlantic Health System, Inc.'s ("Atlantic Health System") kèleswa kapasite yo genyen pou peye. Politik sa a aplike ak nenpòt lopital ki nan Atlantic Health System, li gen ladan I Morristown Medical Center, Overlook Medical Center, Chilton Medical Center, Newton Medical Center, Hackettstown Medical Center, CentraState Medical Center, ak nenpòt etablisman Atlantic Health System ki dezinye kòm responsab swen ki baze nan lopital la dapre 42 C.F.R. 413.65.

### II. Politik:

Politik Atlantic Health System se asire nou tout pasyan yo resevwa sèvis ijans ki esansyèl ak lòt sèvis swen sante ki nesesè medikalman nan etablisman ki bay swen sante yo, kèleswa kapasite pasyan an genyen pou li peye. Gen yon èd finansyè ki disponib atravè plizyè pwogram ki dekri nan Seksyon 4 anba a pou pasyan ki gen revni ki ba, ki pa asire ak pou pasyan ki gen asirans ki pa sifi, epi ki pa gen kapasite pou peye tout oswa yon pati nan fakti lopital yo a. Politik sa a aplike ak nenpòt etablisman ki bay swen sante nan Atlantic Health System, jan li ekri anwo a, ak nan nenpòt etablisman Atlantic Health System ki dezinye kòm yon responsab swen ki baze nan lopital la, daprè règleman federal ki kontwole estati responsab swen ki baze nan lopital yo nan 42 C.F.R. 413.65.

Èd finansyè ak rabè yo disponib sèlman pou sèvis ijans oswa lòt sèvis swen sante ki nesesè nan domèn medikal la. Gen kèk sèvis, li gen ladan I men li pa limite ak, kòb pou peye doktè a, kòb anestozjoloji, entèpretasyon radyoloji ak preskripsyon pou pasyan ki nan klinik ekstèn lan ki separe ak frè lopital la, epi yo ka pa kalifye pou yon èd finansyè atravè Atlantic Health System. Ou ap jwenn nan anèks A ki nan Politik Èd Finansyè sa a yon lis ki bay tout responsab swen, ki pa etablisman lopital la li menm, ki bay swen ijans oswa lòt swen ki nesesè nan domèn medikal nan etablisman ki bay swen sante a, lè nou di etablisman, nou presize ki responsab swen ki gen pwoteksyon daprè Politik Èd Finansyè sa a (Financial Assistance Policy, "FAP") ak kiyès ki pa genyen I. Nou ap revize lis responsab swen 2 yo chak trimès epi nou ap fè mizajou si li nesesè.

### III. Jeneral:

- A. Atlantic Health System ap ofri sèvis swen sante pou pasyan ki entène lopital la ak pou pasyan ki nan klinik ekstèn lan, pou tout rezidan New Jersey ki bezwen swen ijans oswa swen ki nesesè nan domèn medikal, kèleswa kapasite pasyan an genyen pou li peye sèvis sa yo ak kèleswa sitiyasyon ki mande pou konnen si pasyan sa yo ka kalifye pou èd finansyè selon Politik Èd Finansyè sa a.

- B. Atlantic Health System p ap fè okenn aksyon ki pou dekoraje moun chèche swen medikal an ijans, pa egzanp, lè I ap egzije pasyan ki nan sèvis ijans lan pou yo peye anvan yo resevwa tretman, oswa pandan I ap pèmèt aktivite pou rekouvreman dèt nan sèvis ijans lan, oswa nan lòt sèvis kote aktivite sa yo kapab deranje nan swen ijans y ap bay la sou yon baz ki pa gen diskriminasyon.
- C. Politik Èd Finansyè Atlantic Health System la, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj ki Klè (Plain Language Summary, "PLS"), tout disponib anliy sou sit entènèt sa a:  
<http://www.atlantichealth.org/financialassistance>
- D. Politik Èd Finansyè Atlantic Health System la, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj ki klè disponib an anglè ak nan lang prensipal popilasyon ki gen yon konesans ki limite nan anglè ki konstitiye pi piti pou 1,000 moun oswa 5% nan kominate ki nan zòn sèvis prensipal chak etablisman ki bay swen sante ap sèvi. Tradiksyon Politik Èd Finansyè a, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj ki Klè disponib nan lang ki endike nan Anèks B ki nan Politik Èd Finansyè sa a. N ap fè tout efò pou asire nou yo kominike yon fason ki aklè Politik Èd Finansyè a, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj ki Klè a bay pasyan yo nan lang prensipal ki pa ajoute pam tradiksyon ki disponib yo.
- E. Politik Èd Finansyè, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj ki Klè disponib sou kopi papye pou voye pa lapòs lè w fè demann lan, san ou pa peye pou sa a, epi nou bay yo plizyè kote atravè etablisman ki bay swen sante yo, li gen ladan I sèvis admision, sèvis ijans, ak nan biwo ki bay konsèy finansye ki site anba a. Ou kapab soumèt demann pou èd finansyè a anpèsòn, pa lapòs, oswa pa imèl.

Biwo ki bay konsèy finansye (Financial Counseling Offices): Call Center Phone # 1-844-487-3627

Morristown Medical Center: 100 Madison Avenue, Morristown, NJ 07960

Overlook Medical Center: 99 Beauvoir Avenue, Summit, NJ 07901

Chilton Medical Center: 97 West Parkway, Pompton Plains, NJ 07444

Chilton Medical Center: 175 High Street, Newton, NJ 07860

Hackettstown Medical Center: 651 Willow Grove Street, Hackettstown, NJ 07840

CentraState Medical Center: 901 west Main St., Freehold, NJ 07840

- F. Si pasyan yo bezwen èd pou yo jwenn kopi sou papye Politik Èd Finansyè, demann èd finansyè oswa Rezime nan yon Langaj ki Klè a, oswa si yo bezwen yon lòt èd, yo kapab kontakte Sèvis Kliyantèl la nan 1-800-619-4024 oswa kontakte Biwo ki bay Konsèy Finansye nou site anwo a.
- G. N ap mete pankat ak afich yon fason tout moun kapab wè nan lopital piblik yo, li gen ladan I zòn admision, sèvis ijans, ak nan Biwo ki bay Konsèy Finansyè yo pou enfòme pasyan yo gen yon èd finansyè ki disponib.
- H. N ap ofri tout pasyan yo Rezime nan yon Langaj ki Klè nan kad pwosesis admision an.
- I. Atlantic Health System angaje I pou ofri pasyan ki kalifye yo yon èd finansyè pou sèvis ijans ak lòt sèvis swen sante ki nesesè nan domèn medikal, epi ki pa gen kapasite pou peye tout oswa yon pati nan frè a. Pou nou kapab reyalize objektif sa a nou genyen pou ede a, Atlantic Health System ap pibliye yon fason ki laj Politik Èd Finansyè sa a, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj

ki Klè nan kominote n ap sèvi yo pandan n ap kolabore ak sèvis sosyal lokal ak lòt òganizasyon ki pa la pou fè lajan.

- J. Pasyan oswa reprezantan yo ka fè demann yon èd finansyè. Anplwaye Atlantic Health System, medsen k ap fè tretman an oswa lòt moun ka refere pasyan oswa reprezantan yo bay konseye finansyè yo. Konseye finansyè yo ap eksplike kondisyon ki obligatwa pou pwogram èd finansyè ki disponib yo, epi yo pral detèmine si yon pasyan kalifye pou yon pwogram èd finansyè ki disponib. Pasyan ki fè demann èd finansyè a ap bezwen ranpli demann pou èd finansyè Atlantic Health System la (li gen ladan l paj sètifikasyon an) epi yo dwe bay dokiman ki pou sipòte sa ki di nan demann lan pou nou kapab konsidere demann èd finansyè a. N ap itilize materyèl ki tradui ak entèprèt, lè sa nesesè, pou pèmèt yon kominikasyon efikas avèk moun ki gen yon nivo ki limite nan Anglè.
- K. Yon pasyan ki pa asire gen jiska 365 jou apati premye relve fakti ki fèt apre li egzeyate lopital la pou soumèt yon demann pou èd finansyè ki ranpli nèt. Yon pasyan ki asire oswa ki gen yon asirans ki pa sifi gen jiska 365 jou apati premye relve fakti ki fèt apre li egzeyate lopital la, epi ki gen yon asirè ki montre tretman an fèt, pou li soumèt yon demann èd finansyè ki ranpli nèt.

#### IV. **Pwogram Èd Finansyè:**

Pasan ki nan Atlantic Health System ka kalifye pou swen gratis oswa jwenn yon rabè nan kad plizyè pwogram ki dekri anba a. Nan chak ka, Atlantic Health System ap konsidere pou li bay yon èd finansyè ki gen yon montan ki egal ak frè total pou sèvis ki te bay yo, kantite ki retire nan sa a pasyan an oswa asirè pasyan an te peye (si li aplikab) ak nepòt ranbousman oswa peman gouvènman an pou sèvis sa yo. Atlantic Health System ap deklare montan ki rete apre yo retire taks yo (ki kontwole nan kad aplikasyon to kou ak frè, nan ka kote ou te deklare èd finansyè a yon fason ki awopriye dapre sa li koute olye sa ou peye) kòm yon èd finansyè yon òganizasyon bay.

## A. Pwogram ki nan Eta New Jersey:

### 1. Charity Care:

Pwogram sa a kouvri sèlman frè lopital pou swen ki grav ak pou sèvis ki nesesè nan domèn medikal la, epi ki t ap jwenn pwoteksyon nan pwogram Medicaid Eta a si pasyan an te kalifye pou Medicaid. Biwo ki bay Konsèy Finansyè an pral detèmine si moun ki aplike a kalifye pou pita nan dis (10) jou ouvrab apre dat yo te resevwa premye demann ki ranpli nèt. Si demann lan pa konplè (pa egzanp, ou pa bay oswa ou pa byen bay yon demann prèv pou revni oswa prèv sou byen ou posede), n ap ba ou yon refi alekri, ki ap ba ou detay sou dokiman anplis ou dwe bay pou resevwa apwobasyon an. Yon moun ki ap aplike ki pa asire gen jiska 365 jou apati premye relve fakti ki fèt apre li egzeyate lopital la pou aplike ankò pou Charity Care avèk dokiman ki obligatwa yo. Yon moun ki ap aplike ki asire oswa ki gen yon asirans ki pa sifi gen jiska 365 jou apati premye relve fakti ki fèt apre li egzeyate lopital la, epi li gen yon asirè ki montre tretman an te fèt, pou aplike ankò pou Charity Care avèk dokiman ki obligatwa yo. Yon pasyan ki kalifye pou Charity Care ap resevwa swen gratis oswa yon rabè sou frè total yo, selon sa ki di nan rekòmandasyon ki ekri nan **Anèks C.**

Moun ki aplike epi ki pa kalifye yo ka aplike ankò nan yon pwochen dat lè yo prezante pou jwenn sèvis yo ak lè sitiyasyon finansyè yo chanje.

Charity Care se yon pwogram nan eta a ki disponib pou rezidan New Jersey ki:

- a. Pa gen okenn pwoteksyon asirans sante oswa ki gen yon pwoteksyon ki peye sèlman yon pati nan fakti a,
- b. Pa kalifye pou okenn pwoteksyon prive oswa publik (tankou Sekirite Sosyal (retrèt ak andikap); Revni Siplemantè pou Sekirite Sosyal (Supplemental Social Security Income, SSI) ki mache avèk Medicaid; oswa Medicaid), ak
- c. Reponn alafwa ak kritè kalifikasyon pou revni ak byen li posede ki etabli nan Eta a.

Kritè anplis ki obligatwa pou kalifye pou Charity Care:

- a. Paran nou pral chwazi pou pwogram Charity Care ki kouvri (i) 100% frè pou pasyan ki gen revni fanmi an anvan yo retire taks ki pi piti oswa ki egal ak 200% nivo povrete federal la; epi (ii) yon pati nan frè pou pasyan ki gen revni fanmi an anvan yo retire taks ki pi plis pase 200% men ki mwens pase oswa ki egal ak 300% nan nivo povrete federal la selon sa a ki ekri nan rekòmandasyon ki nan **Anèks C.**
- b. Limit ki ap pèmèt ou kalifye pou Charity Care se lè limit byen ou posede se \$7,500 epi limit byen fanmi an posede se \$15,000. Nan objektif seksyon sa a, nou defini nan N.J.A.C. ki manm fanmi ki gen byen yo posede yo dwe konsidere. 10:52-11.8(a) selon sa ki pral di la. Gwosè fanmi a pou yon adilt ki aplike li gen ladan I, moun ki aplike a, mari oswa madanm lan, nenpòt timoun ki minè li responsab, ak adilt ki sou responsabilite legal moun ki aplike a. Gwosè fanmi a pou yon minè ki aplike li gen ladan I paran yo, mari oswa madanm paran an, frè ak sè ki minè ak nenpòt adilt nan fanmi a ki sou responsabilite legal paran moun ki aplike a. Si gen yon dokiman ki di mari oswa madanm, oswa paran moun ki aplike a te abandone I, nou p ap ajoute mari oswa madanm, oswa paran sa a kòm yon manm fanmi a. Yon fi ki ansent konte kòm de (2) manm nan fanmi a.

Dokiman ki obligatwa dapre Seksyon Charity Care ki nan Liv sou Sèvis nan Lopital yo (Hospital Services Manual), N.J.A.C. 10:52 ak sa ki vini apre yo., gen ladan l:

- a. Dokiman idantifikasiyon ki apwopriye pou pasyan ak fanmi li. Li kapab gen ladan I nenpòt nan dokiman sa yo: lisans chofè, kat sekirite sosyal, kat rezidans etranje, batistè, souch chèk yo peye w, paspò, viza, elatriye.
- b. Prèv rezidans nan New Jersey nan dat sèvis la (remak: selon kèk sikontans, swen ijans yo se yon eksepsyon pou obligasyon pou gen rezidans). Li kapab gen ladan I nenpòt nan dokiman sa yo: Lisans chofè, kat pou vote, kat manm nan yon sendika, kat idantifikasiyon nan yon rejim asirans oswa nan yon pwogram k ap bay èd, kat etidyan, fakti pou sèvis publik, deklarasyon enpo sou revni nan nivo federal, deklarasyon enpo sou revni nan eta a, oswa yon deklarasyon avantage pou chomaj.
- c. Prèv pou revni ou resevwa anvan yo pran taks. Li dwe gen ladan I detay ki obligatwa pou lopital la detèmine revni pasyan an genyen anvan yo retire taks (youn (1) nan dokiman sa yo):
  - i. Revni ou genyen kounya anvan yo retire taks pou 12 mwa ki vini anvan sèvis yo.
  - ii. Revni ou genyen kounya anvan yo retire taks pou 3 mwa ki vini anvan sèvis yo.
  - iii. Revni ou genyen kounya anvan yo retire taks pou mwa ki vin tousuit anvan sèvis yo.
- d. Prèv byen ou posede nan dat sèvis la. Bagay sa yo se eleman ki kapab konvèti byen rapid an lajan kach tankou aksyon, obligasyon, IRA, CD, kont chèk ak epay oswa aksyon nan yon rezidans ki pa prensipal.

**2. Kalifikasyon pou resevwa swen ak yon pri redui nan kad N.J.S.A. 26:2H-12.52:**

Pasyan ki pa asire yo ki se rezidan New Jersey epi ki gen revni fanmi a resevwa apre yo retire taks ki pi ba pase 500% nan nivo povrete federal ap kalifye pou resevwa swen ak yon pri redui drapè Seksyon 4.C ki nan Pwogram Èd Finansyè a. Dokiman obligatwa ki aplikab pou Charity Care epi ki site nan Seksyon A.1. ki anwo a aplike ak detèminasyon pou kalifye nan kad Seksyon sa a, eksepte nivo byen yon moun ak fanmi l posede ki pa aplike ak kalifikasyon pou jwenn swen ak yon pri redui nan kad seksyon sa a.

**3. Pwogram fon pou ede timoun ki gen maladi ki grav anpil:**

Pwogram fon pou ede timoun ki gen maladi ki grav anpil ki nan Eta New Jersey ba yon èd finansyè pou fanmi timoun ki gen yon maladi ki grav. Nou kapab jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon, depans yo aksepte, ak fason pou aplike pou èd la sou <http://www.state.nj.us/humanservices/cicrf/home/>.

**4. Biwo Dedomajman pou Moun ki Viktim nan New Jersey:**

Eta New Jersey te etabli Biwo Dedomajman pou Moun ki Viktim nan New Jersey (New Jersey Victims of Crime Compensation Office) pou dedomaje viktим krim yo pou pèt ak depans yo, li gen ladan I kèk depans medikal ki se rezulta kèk aksyon kriminèl. Nou kapab jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon, depans yo aksepte, ak fason pou aplike pou èd la sou <http://www.nj.gov/oag/njvictims/application.html>.

**B. Peman pou tèt ou:**

**1. Rezidan New Jersey**

N ap faktire pasyan ki pa asire yo epi ki pa kalifye pou resevwa Charity Care oswa nenpòt lòt kalite pwogram èd finansye gouvènman federal oswa eta a finanse konsa:

- i. Pasyan ki entène nan lopital la: Pasyan ki ap resevwa yon tretman medikal ki mande pou li entène nan lopital la ap resevwa yon fakti pou to DRG Medicare ki apwopriye a plis 15% pou sèvis li resevwa a.
- ii. Pasyan ki nan klinik ekstèn: Yo pral faktire pasyan ki ap resevwa sèvis nan klinik ekstèn nan Atlantic Health System lan a 115% nan tarif Medicare apwopriye a.

**2. Pasyan ki p ap viv nan eta a ak pasyan etranje yo**

- a. Pasyan ki entène nan lopital la: Pasyan ki ap resevwa yon tretman medikal ki mande pou li entène nan lopital la ap resevwa yon fakti pou to DRG Medicare ki apwopriye a plis 25% pou sèvis li resevwa a.
- b. Pasyan ki nan klinik ekstèn: Yo pral faktire pasyan ki ap resevwa sèvis nan klinik ekstèn nan Atlantic Health System lan a 115% nan tarif Medicare apwopriye a.

**C. Montan yo faktire jeneralman**

Pasanan ki pa asire ki rezide nan New Jersey epi ki gen revni fanmi an apre yo retire taks ki pi ba pase 500% nan nivo povrete federal, epi ki pa kalifye pou pwogram èd finansye gouvènman federal oswa nan eta a esponnsorize (eksepte pou Charity Care) ap gen yon rabè ki aplike sou kont yo a selon sa ki ekri nan Seksyon 4 la. Depi yon moun fin soumèt yon demann pou èd finansye epi nou detèmine yon pasyan kalifye pou èd finansye a dapre seksyon sa a, l ap gen pou peye pi piti pou AGB oswa pou to Medicare ki apwopriye a plis 15%.

Atlantic Health System te chwazi itilize metòd Look-Back pou chak etablisman ki bay swen sante ki konsène: Pousantaj AGB (pa etablisman ki ba swen sante) se:

Morristown Medical Center: 26.3%  
Overlook Medical Center: 25.5%  
Chilton Medical Center: 20.5%  
Newton Medical Center: 14.1%  
Hackettstown Medical Center: 20.7%  
CentraState Medical Center: 27.8%

Dapre seksyon 501(r) ki nan Kòd pou Revni Entèn, chak etablisman ki bay swen sante te itilize Metòd Look-Back la pou kalkile pousantaj AGB ki konsène a. Yo te kalkile pousantaj AGB a sou baz tout reklamasyon yo te apwouve sou yon peryòd 12 mwa divize pa frè total anvan yo retire taks asosye avèk reklamasyon sa yo. Nou te chwazi konbinezon moun ki peye sa yo pou tout etablisman ki bay swen sante yo: Frè pou sèvis Medicare + Tout asirè sante prive

N ap fè Mizajou nan pousantaj AGB a chak ane nan yon delè sanven (120) jou dapre fen kalandriye sivil la. Si pousantaj AGB ki kalkile a bay yon montan ki pi piti pase montan pasyan an dwe resevwa, pasyan an ap responsab sèlman pou montan ki kalkile dapre AGB a.

Si pousantaj AGB ki kalkile a bay yon montan ki **pi plis pase** montan pasyan an dwe resevwa, pasyan an ap responsab pou montan ki kalkile nan kad pwogram èd finansyè ki dekri anwo a.

#### V. Politik pou faktirasyon ak rekouvreman

Seksyon sa a pale sou politik ak pwosedi pou faktirasyon ak rekouvreman nan Atlantic Health System epi li eksplike aksyon ki ka fèt si gen yon fakti pou swen medikal, li gen ladan I yon fakti pou yon balans ki rete apre yo fin aplike rabè pou èd finansye a ki pa peye. Ajans rekouvreman ak avoka ki ap aji nan non Atlantic Health System ap resevwa yon kopi Politik Èd Finansyè sa a.

Chak relve pou fakti ap gen ladan I yon avi ki parèt aklè konsènan disponibilite èd finansyè a, ansanm ak yon nimewo telefòn espesifik pou Biwo ki Bay Konsèy Finansyè nan lopital la kote pasyan an kapab resevwa enfòmasyon konsènan Pwogram Èd Finansye a. Epitou, yo kapab resevwa èd avèk pwosesis demann pou èd finansye a. Relve faktirasyon an ap gen ladan I adrès sit entènèt kote ou ap kapab jwenn kopi Politik Èd Finansyè a, demann pou èd finansyè, ak Rezime nan yon Langaj ki Klè tou.

- A. Peryòd Notifikasyon: Atlantic Health System ap faktire pasyan yo pou nenpòt balans yo pa peye depi balans pasyan an konfime. Pou pasyan ki pa asire yo premye relve faktirasyon apre yo egzeyate lopital la ap make kòm kòmansman peryòd notifikasyon 120 jou a kote pa gen okenn aksyon rekouvreman ekstrawòdinè ("ECA") (li defini pi ba a) ki ka inisyé kont pasyan an. Pou pasyan ki asire yo oswa ki gen yon asirans ki pa sifi, premye relve faktirasyon apre yo egzeyate lopital la ap make kòm kòmansman peryòd notifikasyon 120 jou a kote pa gen okenn aksyon rekouvreman ekstrawòdinè ki ka inisyé kont pasyan an ("periyòd notifikasyon 120 jou").
- B. Lè yon pasyan gen yon reta nan peman an, n ap voye yon avi pou pasyan an pandan n ap pwopoze pou nou pale sou relve faktirasyon an pou nou kapab detèmine èd finansyè a, oswa si li nesesè pou revize oswa fè yon nouvo plan peman. Atlantic Health System ka jwenn yon aranjman avèk pasyan ki mande pou etabli plan peman yo.
- C. Si nou pa resevwa okenn peman nan fen peryòd notifikasyon 120 jou a epi pasyan an pa t mande yon èd finansyè, oswa jwenn yon aranjman avèk Biwo ki bay Konsèy nan etablisman ki bay swen sante yo, oswa avèk Biwo Sèvis Klyiantèl ki nan etablisman ki bay swen sante a pou jwenn yon lòt plan peman, n ap remèt kont pasyan an bay yon ajans rekouvreman. Atlantic Health System ap enfòme pasyan an alekri nou ap remèt kont li a bay yon ajans rekouvreman, si nou pa resevwa okenn peman nan yon delè 10 jou ("Avi Final" la). Avi Final la ap enfòme pasyan an gen yon èd finansyè ki disponib pou pasyan ki kalifye yo, epi li gen ladan I yon nimewo telefòn espesifik pou Biwo ki Bay Konsèy Finansyè nan etablisman ki bay swen sante an kote pasyan an kapab resevwa enfòmasyon konsènan Pwogram Èd Finansye a. Epitou, yo kapab resevwa èd avèk pwosesis demann pou èd finansye a. Epitou, relve faktirasyon an ap gen ladan I adrès sit entènèt kote ou ap kapab jwenn kopi Politik Èd Finansyè a, demann pou èd finansyè, ak Rezime nan yon Langaj ki Klè.
- D. Atlantic Health System ka otorize ajans rekouvreman ak avoka ki ap travay nan non Atlantic Health System (yon "Twazyèm Pati") pou kòmanse yon aksyon rekouvreman ekstrawòdinè kont pasyan ki gen yon reta peman apre peryòd notifikasyon 120 jou a. Depi nou transfere yon kont bay yon twazyèm pati, twazyèm pati a ap konfime gen efò rezonab ki te fèt pou detèmine si yon pasyan kalifye pou yon èd finansyè nan kad Politik Èd Finansyè a, epi yo te pran dezisyon sa yo anvan yo te kòmanse avèk aksyon rekouvreman ekstrawòdinè an:
  1. Pasyan an te resevwa yon avi alekri ("Lèt pou 30 jou" a) ki: (a) endike gen yon èd finansyè ki disponib pou pasyan ki kalifye yo; (b) idantifye aksyon rekouvreman ekstrawòdinè Twazyèm Pati a kòmanse fè a pou li kapab jwenn peman pou swen an; epi (c) endike yon dat limit kote aksyon rekouvreman ekstrawòdinè an ap ka kòmanse (dat limit la pa dwe pi bonè pase 30 jou apre dat nou te bay nan avi sa a);

2. Lèt pou 30 jou a gen ladan I yon kopi rezime ki ekri nan yon langaj ki klè pou Politik Èd Finansyè a; epi
  3. Atlantic Health System epi/oswa twazyèm pati a te fè yon efò rezonab pou enfòme pasyan an nan bouch sou Politik Èd Finansyè a ak sou fason pasyan an ka resevwa èd nan kad pwosesis èd finansyè a.
- E. Depi li konfime gen efò rezonab ki te fèt pou detèmine si yon pasyan kalifye pou yon èd finansyè nan kad Politik Èd Finansyè a, Twazyèm Pati a ka kòmanse ak aksyon rekouvreman ekstrawòdinè an kont yon pasyan pou jwenn peman pou swen an:
1. Aksyon sa yo ka mande yon pwosesis legal oswa jidisyè, li gen ladan I men li pa limite ak:
    - a. Plase yon privilèj sou pwopriyete pasyan an, sof si gen dispozisyon diferan ki nan Seksyon 501(r) I.R.C. a;
    - b. Kòmanse yon aksyon sivil kont pasyan an;

Aksyon an kapab kòmanse sèlman si balans li dwe a se \$800 oswa plis nan total la.
  2. Aksyon rekouvreman ekstrawòdinè pa gen ladan I privilèj sou pwodui jijman yo, règleman, oswa konpwomi ki gen rapò ak domaj sou kò, ni reklamasyon ki depoze pou fayit.
- F. Si nou resevwa yon demann èd finansyè ki pa konplè, Atlantic Health System ap bay pasyan yon avi alekri ki dekri enfòmasyon oswa dokiman anplis ki nesesè pou detèmine kalifikasyon I pou Pwogram Èd Finansyè a. Atlantic Health System ap enfòme Twazyèm Pati a yo te soumèt yon demann ki pa konplè pou èd finansyè a, epi Twazyèm Pati a ap kanpe ak nenpòt Aksyon rekouvreman ekstrawòdinè pou jwenn peman pou swen an pou yon peryòd 30 jou.
- G. Si nou resevwa yon demann èd finansyè ki konplè, Atlantic Health System ap asire I mezi sa yo respekte:
1. Aksyon rekouvreman ekstrawòdinè kont pasyan an kanpe;
  2. Gen yon detèminasyon kalifikasyon epi gen dokiman ki ap fèt nan bon moman an;
  3. Atlantic Health System ap avèti pasyan an alekri pou detèminasyon an ak baz pou detèminasyon an;
  4. N ap bay yon relve faktirasyon ki ajou epi ki endike montan pasyan ki kalifye a dwe (si li aplikab), fason nou te detèmine montan an ak pouvantaj AGB ki aplikab la;
  5. N ap remèt jan sa dwe fèt nenpòt montan anplis pasyan ki kalifye a peye (si li aplikab); epi
  6. Twazyèm Pati yo ap pran tout mezi rezonab ki disponib pou anile nenpòt aksyon rekouvreman ekstrawòdinè yo te pran kont pasyan yo pou kolekte dèt tankou yon jijman ki anile oswa yon prelèvman oswa yon privilèj ki leve.
- H. Si nenpòt nan etablisman ki bay swen sante yo pran desizyon kalifikasyon sou baz pwobabilite pwen sa yo obligatwa:
1. Si yon pasyan gen chans pou li kalifye pou yon èd ki pi piti pase èd ki pi jenere ki disponib nan kad Pwogram Èd Finansye a, alò Atlantic Health System ap:
    - a. Enfòme pasyan an konsènan baz pou detèmine kalifikasyon pou Pwogram Èd Finansyè ki pwobab la, epi eksplike I kòman pou li aplike pou li kapab jwenn yon pi gwo èd.

- b. Bay pasyan an yon tan ki rezonab pou li aplike pou yon pi gwo èd anvan nou otorize pou kòmanse avèk aksyon rekouvreman ekstrawòdinè pou nou kapab jwenn montan rediksyon ki te kalkile a.
- c. Detèmine ankò estati kalifikasyon pasyan an pou Politik Èd Finansyè si nou te resevwa yon demann pou èd finansè ki te ranpli nèt.

Referans:

Internal Revenue Service, 26 CFR Parts 1, 53, and 602, Additional Requirements for Charitable Hospitals; Community Health Needs Assessments for Charitable Hospitals; Requirement of a Section 4959 Excise Tax Return and Time for Filing the Return; Final Rule; N.J.S.A. 26:2H-12.52; N.J.A.C. 10:52

Rezime Revizyon ak Apwobasyon: Komite Siveyans Politik AHS (APOC) ak Konsèy Administrasyon AHS.			
Dat Orijin:	11/8/2004	Dat Apwobasyon APOC:	02/05/2025
Dat Dènye Revizyon:	02/08/2024	Dat Apwobasyon Konsèy AHS:	02/25/2025

## ANÈKS A

### LIS RESPONSAB SWEN

Politik Èd Finansyè (Financial Assistance Policy, "FAP") Atlantic Health System, Inc. ("Atlantic Health System") aplike pou swen ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè yo bay nan lopital Atlantic Health System oswa nan klinik ekstèn ki gen founisè ki baze nan lopital la epi AHS Hospital Corp., ki se yon filyal nan Atlantic Health System faktire yo.

Epitou, Politik Èd Finansyè a aplike pou ijans oswa lòt swen medikal ki nesesè yo bay pasyan ki entène nan lopital Atlantic Health System avèk doktè Practice Associates Medical Group, P.A. ki ap fè biznis ak Atlantic Medical Group ("AMG"). Politik Èd Finansyè pa aplike pou frè fakti pwofesyonèl doktè ki nan AMG a bay lè yo pa nan lopital Atlantic Health System.

GEN LÒT RESPONSAB SWEN KI KA PATISIPE NAN SWEN OU A KI NAN LOPITAL ATLANTIC HEALTH SYSTEM AK ETABLISMAN KI NAN KLINIK EKSTÈN YO. SI NOU PA SITE YON FASON KI ESPESIFIK RESPONSAB SWEN SA YO ANWO A, YO P AP SUIV POLITIK ÈD FINANSYÈ ATLANTIC HEALTH SYSTEM. W AP RESEVWA YON FAKTI KI SEPARÉ NAN MEN RESPONSAB SWEN SA YO EPI W AP BEZWEN PEYE YO YON FASON KI APWOPRIYE.

Nou ap revize lis responsab swen sa a chak trimès epi nou ap fè mizajou si li nesesè. Pou nenpòt kesyon konsènan Politik Èd Finansyè a oswa lis responsab swen an, tanpri rele Sèvis Kliyantèl la nan 1-800-619-4024. Paj 11 sou 12

## ANÈKS B

Tradiksyon Politik Èd Finansyè a, demann pou èd finansyè ak Rezime nan yon Langaj ki Klè disponib nan lang ki endike yo:

Arab  
Amenyen  
Chinwa  
Fransè Kreyòl  
Grèk  
Goudjarati  
Indi  
Italien  
Japonè  
Koreyen  
Polonè  
Pòtigè  
Ris  
Sèb-Kwowat  
Panyòl  
Tapalòg

**KRITÈ POU REVNI**  
**``KRITÈ POU KALIFYE POU CHARITY CARE AK RABÈ POU CHARITY CARE**  
**Dat li kòmanse aplike: 15 mas 2025**

Pasyan an dwe reponn alafwa pou kritè pou revni ak pou byen li posede yo

**KRITÈ POU REVNI**

Pousantaj pou frè pasyan an peye lè  
 Revni pa ane apre yo fin pran taks nan entèval sa yo

	Pasyan an peye 0% pou frè yo	Pasyan an peye 20% pou frè yo	Pasyan an peye 40% pou frè yo	Pasyan an peye 60% pou frè yo	Pasyan an peye 80% pou frè yo	Pasyan an peye 100% pou frè yo
<b>Gwosè fanmi a</b>	<b>&lt;=200%</b>	<b>&gt;200&lt;=225%</b>	<b>&gt;225&lt;=250%</b>	<b>&gt;250&lt;=275%</b>	<b>&gt;275&lt;=300%</b>	<b>&gt;300%</b>
1	\$31,300 oswa mwens	\$31,301 jiska \$35,213	\$35,214 jiska \$39,125	\$39,126 jiska \$43,038	\$43,039 jiska \$46,950	\$46,951 oswa plis
2	\$42,300 oswa mwens	\$42,301 jiska \$47,588	\$47,589 jiska \$52,875	\$52,876 jiska \$58,163	\$58,164 jiska \$63,450	\$63,451 oswa plis
3	\$53,300 oswa mwens	\$53,301 jiska \$59,963	\$59,964 jiska \$66,625	\$66,626 jiska \$73,288	\$73,289 jiska \$79,950	\$79,951 oswa plis
4	\$64,300 oswa mwens	\$64,301 jiska \$72,338	\$72,339 jiska \$80,375	\$80,376 jiska \$88,413	\$88,414 jiska \$96,450	\$96,451 oswa plis
5	\$75,300 oswa mwens	\$75,301 Jiska \$84,713	\$84,714 jiska \$94,125	\$94,126 jiska \$103,538	\$103,539 jiska \$112,950	\$112,951 oswa plis
6	\$86,300 oswa mwens	\$86,301 jiska \$97,088	\$97,089 jiska \$107,875	\$107,876 jiska \$118,663	\$118,664 jiska \$129,450	\$129,451 oswa plis
7	\$97,300 oswa mwens	\$97,301 jiska \$109,463	\$109,464 jiska \$121,625	\$121,626 jiska \$133,788	\$133,789 jiska \$145,950	\$145,951 oswa plis
8	\$108,300 oswa mwens	\$108,301 jiska \$121,838	\$121,839 jiska \$135,375	\$135,376 jiska \$148,913	\$148,914 jiska \$162,450	\$162,451 oswa plis
Pou fanmi ki gen plis pase 8 manm yo, ajoute kantite sa yo sou montan ki pi elve a nan chak kolòn pou chak manm fanmi ki anplis.						
	\$11,000	\$12,375	\$13,750	\$15,125	\$16,500	
* Yon fi ki ansent konte kòm 2 moun nan manm fanmi a.						
Si pasyan ki benefisyé se 20% jiska 80% nan echèl mobil yo responsab pou peye ak lajan nan pòch yo frè medikal yo kalifye a epi ki pa depase 30% nan revni anyèl yo resevwa apre taks (pa egzanp, fakti lòt pati pa peye), alò nou konsidere montan ki depase 30% an kòm yon èd pou peman lopital la (charity care).						

**KRITÈ POU BYEN OU POSEDE**

Byen yon moun posede pa kapab depase \$7,500 epi byen fanmi a posede pa kapab depase \$15,000.

15 mas 2025